



Eske w ta renmen yo tande vwa w nan Kongrè?  
Oswa w ta renmen lekòl ak lopital jwenn plis lajan?



## ***Patisipe nan “Census 2010”***

### **Ki sa nou rele Census?**

Konstitisyon Etazini egzije chak 10 an pou yo fè resansman –ki vle di kontwòl- moun k ap viv nan peyi a. Se moun tout laj, tout ras, tout gwoup etnik, ni sa ki sitwayen, ni sa ki pa sitwayen. Nasyon an ap prepare pou Census 2010. Nan nivo lokal, li enpòtan pou nou jwenn asistans leta, lekòl piblik, òganizasyon kominotè, biznis, ansanm ak tout patnè ak moun ki enterese pou nou kapab realize bi nou, ki se konte tout rezidan nan Miami-Dade County.

### **Pouki pou nou fè resansman?**

Patisipasyon tout moun nesèsè paske se li ki pral detèmine reprezantasyon yo pral bay kominote nou nan chanm lejislatif (ki desisyon sou lwa peyi a). Epitou, apeprè \$300 billion fon gouvènman federal pral distribye ane nan pami eta ak lokalite yo. Fon sa yo pral baze sou kantite moun lokalite sa yo genyen. Se fon ki pral sèvi pou...

- Lajan “Title 1” yo bay lekòl ki pi bezwen
- Pwogram “Head start” pou ti bebe ak timoun piti
- Lajan manje pou fanm, ti bebe, ak timoun
- Transpò piblik
- Konstriksyon ak reparasyon wout
- Pwogram ki ede granmoun
- Rezèv manje pou lè gen dezaz ak ijans
- Zòn kote moun yo merite egzèsè dwa yo

### **Ki jan li benefisye kominote a?**

- Genyen moun ki pral jwenn opòtinite pou yo travay (part-time job) pandan peryòd resansman an.
- Lè nou ranpli fòm resansman an, nou fè otorite responsab yo konnen ki kalite resous kominote nou bezwen pou li kapab avanse.

### **Pwoteksyon enfòmasyon pèsònèl ou**

- Pèsonn moun pa genyen aksè ak enfòmasyon census la.
- Lwa federal pwoteje idantite w ak enfòmasyon w bay.
- Yo pa janm pibliye enfòmasyon prive.

### **Lwa Etazini pa pèmèt yo pataje oswa pibliye enfòmasyon k ap suiv yo:**

- Non moun
- Adrès ak direksyon kay yo
- Nimewo Sekirite sosyal
- Nimewo telefòn

**Enfòmasyon yo mande w pral sèvi pou yo fè kontwòl statistik.  
Ajans resansman gouvènman yo pa gen dwa janm fè respons ou sèvi kont ou.**

**Pou plis enfòmasyon, rele 305-995-2680**